République du Sénégal

Ministère de l'Education nationale

# Wolof

# Tànk-ndànk

## Jéego 7 Téere 3

Édition 2019
Réimpression 2020

USAID
DU PEUPLE AMERICAIN

Avis de droit d'auteur : ©2016-2021 projet Sénégal Lecture Pour Tous pour l'Agence des États-Unis pour le développement international (USAID), contrat USAID n° AID-OAA-I-14-00055/AID-685-TO-16-00003, géré par Chemonics International. Tous droits réservés. Cette aide provient du peuple américain et est financée conjointement par l'USAID et le gouvernement du Sénégal.

Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 4.0 IGO licence (CC BY 4.0 IGO) http://creativecommons.org/licenses/by/4.0/igo. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter ce travail y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées de la licence CC BY.

# Li téere bi ëmb

Rabi àll yi ........................................................ 4

Juri kër yi........................................................ 16

Garab yiy faj ........................................................ 27

Mala yiy dund ci biir ndox. ........................................................ 39

# Rabi àll yi



Am na ay mala yu bari yuy dund ci àll bi. Wuute nañu ak jur gi nit ñi di yar ci kër yi. Ñoo ngi leen tudde rabu àll. Rabi àll yi, mën nañu ci ràññee ay xeet yu bari. Xeet wuy dunde yàpp te ñu ràññee ci gaynde, bukki, segg, añs. Am na itam weneen wuy dunde ñax, xob ak meññeefu garab, mën nañu ci ràññee njamala, ñey, mbaam-àll, kéwel, añs. Am na weneen xeet woo xam ne dañuy nàmpal seen i doom. Xeet wiy naaw te am ay dunq, li ci gën a bari, dañuy faral di nen. Bu ñu bóofee ci ab diir, nen yi toj, doom yi génn.

Ci réew yu bari yu mel ni Senegaal, rabi àll yaa ngi wàññeeku bu baax. Moo tax Nguur gi jël ci ay matukaay. Àll bu yaatu bu nekk, teg na fa ay alkaati ngir ñu aar ko. Loolu moo tax rabi àll yu bari mucc ci rëbb-kat yi.



**Gaynde** mooy buuru rabi àll yépp. Bu demee ba mat sëkk, yaram wi dafay mel ni lu sokolaa. Gaynde yu ndaw yi dañuy am tupp-tupp ci seen tànk ak seen biir ba ba ñuy mat waxambaane. Gaynde gu góor, dafay réy, lu mu gën di màgg, céq ma gën a dëll. Geen ga dafay gudd, cat la ñuul. Dënn ba, dafay yaatu lool, di wone doole ja. Sell yu réy lay am te moo tax mu mën a faat ci lu gaaw, yeneen rab yi muy dundee. Gaynde gu jigeen, moo gën a ndaw waaye itam moo gën a soxor. Jikko jooju moo ngi koy wone ngir aar doomam yu ndaw yi.

Bu gaynde yi nekkee ci biir àll bi, gu góor gi, gu jigeen ak seen i doom dañuy booloo nekk genn njaboot. Doom ju jigeen ji moom, lu gën a bari dafay des ak yaayam, waaye gu góor gi bu demee ba mat, génn, dem samp njabootu boppam.

Gaynde yi ñoo ngi gën a baree bëj-saalumu Afrig. Ci Senegaal, gaynde yi ñoo ngi nekk pàrku Ñokolo-kobaa, ndawal buur yi yore kaarànge àll yi di leen aar.



**Bukki**, rabu àll la wuy dunde yàpp. Ñoo ngi xàmmee bukki ak sabam bu naqari ba. Bu jigeen bi, moo ëpp bu góor ba te gën koo soxor lool ngir tooke ji nekk si biir yaram wi. Loolu moo tax, bukki bu jigeen di jiite njaboot gi.

Bukki bu jigeen mën na am ñaar ba ñeenti doom. Bu ñu juddoo, dafa leen di làq fu wóor, nampal leen lu mat fukk ak juroom benni weer. Bukki bu ndaw dafay ñuul kukk, bu màggee leer tuuti.

Bukki, rëbbkat bu mag la. Mbooloo lañuy doon bu ñuy rëbb. Dégej yu réy yi mu am moo tax lu mu jàpp mën koo lekk ba yëy yax ya. Loolu moo tax ñu ne bukki mooy rab wi mën a lekk tànku ñey ba mu jeex tàkk. Nefere bukki dafay weex ngir yax ya muy lekk.

Leeg-leeg, bukki yi juux guddi ci dëkk yi jege àll, rey jur gi, lekk leen. Loolu moo tax ñu war a aar jur gi bu baax ndax ñu mucc ci rab yi mel ni bukki.



**Golo**, mooy rab wi gën a niroo ak nit waaye yaram wi dafa sëq lipp ak kawar. Bopp bu tuuti la am ak nopp yu réy. Mu ngi am ñeenti cér, benn bu nekk am juroomi baaraam. Baaraamu déy bi moo tax golo di mën a langaamu ci cari garab yi. Golo mën na itam taxaw temm ni nit. Am na golo yu réy lool, ñoo ngi tudd dàngin. Xeetu golo woowu, xeet wu soxor la, te mën a dal ci kaw nit, lor ko.
Golo, ci àll bu réy lay faral di nekk, bëgg lool yéeg ci kaw garab yi. Bu séenee, lu ko mën a lor, dafay yéeg ba ca njobbaxtalug garab, làqatu fa. Li gën a bari ci li golo di lekk, mu ngi koy jëlee ci njureefu garab.
Xel mi golo yor, moo tax ñu mën koo tàggat ba mu mën a dëkk ak nit ci biir kër. Rax ci dolli, golo mën na amal njariñ nit. Ndaxte, nit mën na yónni golo mu doxal ko ay soxlaam.



**Ñey** moo gën a réy ci rabi àll yépp. Ñey yi nekk Afrig, seen taxawaay mën na dem ba ci ñeenti meetar. Ñey wu góor mën na réy ba toll ci juroom-benn-fukki barigo. Wu jigeen wa moom itam disaayam, su ñu ko nattee, mën na toll ci ñeent-fukki barigo. Diisaayam tax na mënul a daw bu baax ak tëb itam.

Li ci ëpp, ñey benn doom lay jur. Ci diiru ñaar-fukk ak ñaari weer la koy ëmb.

Nopp yu réy ak ñox bu gudd la ñey am.

Ñax, xob ak meññeefi garab lay dundee. Si bés bi  mën na lekk lu toll ci téemeer ba ñaari téemeeri kilo.

Bëñ walla kiiraay yu mag ya mu yor la nit gën a soxla ci moom. Loolu moo tax ba gox yu bari ci Afrig amatuñu ñey. Ndawal buur yi yore kaarànge àll yi ñoo leen di aar ci rëbbkat yi.



**Segg**, rabu àll la woo xam ne seel lay dundee. Guddaayu yaramam, mën na dem ba weesu bu gaynde. Boo nattee guddaayam, leeg-leeg mën na dem ba mat ñetti meetaar. Xeeti Segg yi bari nañu. Xeet wu nekk, dinañu ko ràññee, ci ni yaram wi bindoo. Am na ci yoo xam ne dañoo sokolaa ba noppi, am ay rëdd yu ñuul. Am yeneen yoo xam ne dañoo weex, am ay rëdd yu ñuul.
Segg yi, bari woon nañu lool ci àddina bi. Waaye, jamono jii nu tollu, tiigar yaa ngi wàññeeku bu baax. Li ko waral mooy, rëbbkat yi, ñu ngi leen di faat ngir njariñ li seen der ak seen yax amal nit. Su nu moytuwul, dinañu dem ba jeex ci biir àll bi. Loolu moo tax ñu war leen a aar bu baax, ba kenn du leen laal.



**Mbaam-àll**, mala mu réy la. Dafa ñàng te raglu. Boo ko seetluwul lool, mën nga ko jaawale ak nag. Mu góor mi, boo nattee diisaayam, mën na dem ba toll ci benn barigo. Mu jigeen mi moom, moo ngi faral di toll ci juroom-fukk ba ci juroom-ñaar-fukki kilo ak juroom. Mbaam-àll, am na céq mu réy te gudd ci digg-ginnaawam. Am na itam ñaari bëñ yu gudd yu muy aare boppam. Boo koo séenee, ñaari bëñ yooyu, ñi ngi ne fàŋŋ-fàŋŋaaral.

Mbaam-àll a ngi dunde ñax, xob, reen ak meññeefi garab yi.

Mbaam-àll, yàqkat bu mag la. Bu duggee ci tool, bëñam yooyu lay samp ci suuf, di deqi gàncax gi. Noonu lay def ba yàq toolu beykat yi. Moo tax, beykat yu bari dañuy samp ay xuuxalukaay ngir wattu seen tool yi.



**Njamala** rabu àll wu njool la, te am cér yu gudd. Bokk na ci rabi àll yi gën a rafet. Yaram wu taaru la am di xaw a niroo ak wu segg. Ñeenti tànk yu gudd la ame, waaye yu kanam yi, ñoo gën a gudd yu ginnaaw yi. Ci suufu tànk bu nekk, am na we wu réy. Guddaayu baatam, moo tax njamala njool lool, ba mën a toll ci ñeent ba ci juroom-benni meetar.

Njamala itam mala mu réy la. Bu jigeen bi, boo nattee diisaayam mu dem ba tollu ci juroom-benni barigo. Bu góor bi moom, dina faral leeg-leeg, di mat fukki barigo ak juroom.

Boo méngalee boppu njamala ak yeneen céram yi, ci ngay gis ne bopp bu tuuti la am.

Njalama amul ay sell, moo tax mënul a lekk yàpp. Xobu garab yi, moo ëpp ci li njamala di dunde. Njamala bokk na ci rab yiy duñña ñam yi ñuy lekk.



**Kéwel**, rabu àll la wuy duñña ñam yi muy lekk. Moo ngi faral di nekk ci àll yu xaw a yaraax.

Kéwel moo ngi gën a baree Afrig. Am na lu mat juroom-ñaar-fukki xeeti kéwel ak juroom. Xeeti kéwel yi, ñoo ngi leen di ràññee ci seen taxawaay, walla melokaanu béjjen yi ak seen réyaay.

Yaramu kéwel niroo na lool ak wu béy, waaye béjjën yu gudd la am. Loolu moo tax ñu bari di ko woowe béyu àll.

Kéwel rab wu mën a daw la. Xélam yi, boo ko nattee, mën na dem ba toll ci téemeeri kilomeetar ci wenn waxtu. Ngir mu gën a gaaw, kéwel buy daw dafay tëb. Bu tëbee, boo nattee fa muy dal, mën na toll ci fukki meetar ak ñaar.

Ñax moo ëpp ci li kéwel di lekk. Waaye, leeg-leeg, mu lekk ci xobu garab yi.



**Fasu àll**, mala la mu bari lool ci diggu Afrig ak ci bëj-saalumu Afrig. Fasu àll, ñoo ngi koy ràññee ak melokaanu yaram wi. Niroo na lool ak fas. Li leen wutale mooy, yaramu fasu àll dafay fees dell ak ay rëdd-rëdd. Fasu àll, boo nattee guddaayu yaramam mën na toll ba ci ñetti meetar. Diisaayam bi moom mën na toll ci ñetti barigo. Boo nattee itam geen gi, mu tollu leeg-leeg ci benn meetar.

Fasu àll, gis-gis bu leer ak dégg-dégg bu neex la am. Mën na itam daw lool. Boo nattee xélam yi, mën na tollu ci juroom-ñaar-fukki kilomeetar ci waxtu wu nekk.

Gaynde yi ak bukki yi dañuy faral di song fasu àll yi di leen lekk. Moo tax, fasu àll fu mu séene gaynde walla bukki rekk daw ngir mucc. Nit jéem na ba sonn yar fasu àll ci kër yi, waaye pexe moomu antuwul fenn. Li ko waral mooy, fasu àll dafa nekk mala mu rabe lool.

# Laaj yi

1 Fu gaynde yi gën a baree ci àddina bi ?

2 Lu tax ñuy wax ne golo mooy rabu àll wi gën a niroo ak nit ?

3 Lu tax njamala mënul lekk yàpp ?

4 Lu tax rabi àll yi bareetuñu ci réew mi ?

5 Noo gisee dogal bi Nguuru Senegaal jël ngir aar àll yi ?

# Juri kër gi



# Juri kër yi



Nit fu mu nekk dina am ag jur gu mu dëkkal. Jur, nit dina koy jariñoo ci lekk ak ci liggeey. Ci yiy nit di dunde, bokk nañu ca : xar, béy, nag, géleem ak njanaaw yi mel ni picc, ginaar, kanaara ak ñoom seen. Waaye soo jëlee jur gi mel ni fas ak mbaam, dinañu dimbali nit ñi ci liggeeyi tool yi. Jur googu itam, am na solo ci dem bi ak dikk bi. Mala yi mel ni xaj, nit dina ko wut ngir aar dëkkuwaayam, juram walla toolam. Muus, moom itam, xaritu nit la, ndaxte dina tax ba jinax dootul taxawaalu bay lekk ay yéreem. Nit ak jur gi mu dëkkal, yàgg nañoo ànd. Leeg-leeg, nga gis nit ak mala déggoo ba faf nekk ay xarit. Waaye, am na mala yoo xam ne, dañuy siisante ci seen biir. Baax na ñu xam ne njaboot dafay yar jur ndax dina ko dimbale ci ay soxlaam. Bokk na ci toppatoo jur, di ko aar, di ko dundal bu baax. Su ñu feebaree, dañu leen war a faj ndax dañoo am bakkan ni nit. Kon taxawu jur, ñépp la war ndax bokk nañu ci ñiy dimbali njaboot gi.



**Muus** doon na mala moo xam ni dafay dëkk ci biir nit ñi. Mag ak ndaw, góor ak jigeen, ñépp a ko bëgg. Mala mu tàmm di beru la teg ci bari jikko. Ku bëgg lekk la, fuqale lool te mën a fo. Muus mën naa ëmb juroom-benni doom ci ñaari weer. Su doomam yiy soog a juddu, dañuy silmaxa ay fan bala ñoo gis. Mu ngi bokk ci mala yiy nàmpal seen i doom. Muus buy dox, dafay samp baraam yi, duggal we yi.

Mala mu bëgg ndawal la, moo tax yàpp lay dunde. Muus, bari na te wuute ; am na yu bari kawar, mel ni muusu « Àngoraa. » Am na itam, muus yu seen kawar gàtt, ñu tudde leen muusu « Abisini ». Yenn xeeti muus yi koppar yu takku lañuy jar. Muus lu baax la ci kër ndax dafa nuy wéttali. Waaye bul sàggan ba mu gis sab denc ndax ku bëgg ndawal la.



**Sebi**, wenn xeetu nag la wu bàyyeekoo ca réewum End. Ca réew mooma, kenn du ko toroxal ndax dañu koo fonk. Fu ko neex dox, walla tëdd te kenn du ko dàq. Waaye ginnaaw réewu End, am na ca réewu Amerig, ba ci Afrig.

Boo seetloo, dafa digg-dóomu, waaye ca wetu loos wa, dafay am ab jégen buy lang, béjjen ya taxu koo gudd. Ñax lay dunde teg ca dafa am taxawaay.

Mën na dunde lu tolloo ci juroom-ñaar-fukki kiloy ñax, bés bu nekk. Diisaayam mën na tollu ci ñeenti téemeer ba juroom-ñeenti téemeeri kilo. Jur gu nangoo bari ndawal ak meew la. Jaxasoom ak yeneen xeetu nag, dina tax ñu am yeneen xeetu nag yu amul woon. Nag wu jigeen wi dina ëmb diirub juroom-ñeenti weer balaa moo am doom. Mala mu gudd fan la, ndaxte dafay dund ba ñaar-fukki at ak juroom. Taamu nañu ndawalam ci xew yi ndax dafa sakkan.



Xeeti nag yi yemul ci sebi ndax am na **ndaama**, bokk ci xeeti nag yi ñu ràññee. Ndaama, nag wu réy te gàtt la teg ca loos wi guddul, moo tax mu bari kàttan. Jur gu nangu la te soxorul. Bokk na ci li ñu koy ràññee, dafa gàtt, béjjen ya gudd te amul jégen. Fuuta Jaloŋ ca réewum Gine la cosaanoo, dugg Senegaal. Ndaama jur gu dëgër la. Moo tax muy mucc ci feebar bi aw weñ di joxe. Waaye li muy dëgër lépp, mënul dund ci béreb yi nga xam ni noor bi dafay gudd lool. Am na kurel gu mag gu ñu tudde « Càmm gu magu ndaama » fa ngay fekk gétti ndaama yi gën a sakkan. Nag wu mën a bey la. Ndaama baax na lool ci kuy jënd ak a jaay ndawal ndax dafa bari yàpp. Ca atum 1923 ba leegi kureel gu mag googu mu ngi wéy di saytu ak a aar nagu ndaama. Diir bi muy nàmpal doom jee ngi tollu ci fukki weer. Bu dee yëkk yi, su ñu amee ñetti at rekk ñu tàpp leen.

**Pël-pël**, mu ngi bokk ci xeetu xar yi ñuy gis ci Afrig sowu jant. Boo demee ci béreb yu mel ni Ferlo ak Fuuta, bari nañu lool xari pël-pël. Xar mu digg-doomu la, wet ga gudd. Xar mu góor mi, béjjen yi dañuy lunk te ubbeeku. Pël-pël mu góor mi, bopp ba dafay réy. Su dee mu jigeen mi, bopp bi dafay xaw a tuuti ? Teg ci moo ko gën a gudd kanam. Su dee fii, ci sunum réew, bu Tabaski jotee, dinanu ko faral di gis ci darali xar yi. Yaram wi dafay faral di am ay tupp-tupp yu ñuul ba tax mu taaru lool. Soo seetloo kawar ga, dafa tëdd, teg ci ritax, di melax. Dundam itam taxul mu jafe, su ñax doyee, loo ci dolli mu suur këll. Pël-pël, dafa doon xar mu ñeme coono. Mën na dox ay kilomeetar ngir am dund bu doy. Dina tax ba teefànke yi di mën a am xaalis di ci faj seen soxla.



**Bali-bali** mu ngi cosaanoo ci réewum Niseer. Wenn xeetu xar la mu ñuy ràññee ci cér yu gudd ya. Xar mu njool lay doon, maanaam mu am taxawaay. Li ñu gën a ràññee ci xar moomu, mooy dafa mën a lekk. Boroom doole dëgg a ko mën a yar. Ginnaaw melokaan wi, bali-bali doon na jur gu ñu taamu ci wàllu njënd ak njaay. Moom bali-bali, dañu ko boole ak weneen xeetu xar, mu indi laadum. Bari na lool ci Afrig soowu jant. Fii ci sunum réew, Kuy yarkatu xar, taamu nga ko soo amee njëg ga. Ci réew yi nu wër itam, ñu nga ko fay yar. Bali-bali niiroowul ak yeneen xar yi, ci mbind ak ci njariñ. Ñu bari ñu doon yar xar, ñu ngi def lépp ngir boole ci bali-bali. Xar mu ragal tilim la, moo tax ki koy yar dafay doon ku set te am dëkkuway bu yaatu.



**Béy**, bokk na ci xeetu jur giy nàmpal. Béy gàncax lay dunde, te li ci ëpp ñax la. Béy wu góor, sikket lañu koy woowee. Doomu béy jiy nàmp, aw tef la tudd. Béy, dina jur ñaari yoon ci at mi. Jur gu yomb a bari la ndax am ay seex yomb na ko lool. Der bi ak ndawal li, lu nit yittewoo la, ba moo tax ñu koy yar ci kër. Meewam, itam, dinañu ci defar foromaas. Fépp la mën a dund, rawatina béreb yi nga xamante ni gàncaxu àll ba dafa kawe. Jur gu am jàmm la, waaye kenn du ko lor te kenn yëgu ko. Kawaram, dinañu ci defar yére, te meewam moo gën a gaaw a rees meewu nag. Béy, jur gu yeewu ci ni muy dunde la. Dina lekke ci suuf, waaye itam dinay faral di samp ñaari tànki ginnaaw yi ngir yóotu xobu garab yi. Soo demee, bëj-gànnaaru réew mi, am na ay béy yu gàtt lool te bari kawar.




**Gileem**, ci jur gi la bokk. Dafa am taxawaay, njoolaay bi dina tollu ci ñaari meetar ak lu topp. Soo seetloo gileem, suufu tànk ya dañoo yaatu, am we wu mag. Loosam wu gudd wa, dafa koy dimbali ci lekkam, ndax moom lay yóotoo. Dënn bi ak wóom yi, dañu am kawar gu sëq guy tax ba su yeggee suuf, naaj wi du ko lakk. Ca diggu-gannaaw ga, dafa am ab jégen bu réy. Jégen ba, la ca ëpp gerees la. Gerees googu, su demee ba dund jafe, ci lay dundal yaramam. Jur gu am ndawal la, te am na ñu ko sopp lool. Gileem, dundam ñax la walla xobi garab. Jur la gu mën a toog lu mat ñaar ba ñetti ayu-bés te du naan. Waaye su dee naan, mën na jël ba ñaari téemeeri liitari ndox. Li ëpp, mu ngi dund ci béreb yu amul gàncax gu bari, mel ni dëkku naar yi ci Afrig sowu jant.





Juri kër yi, **mbaam** ci la bokk. Mbaam moom, nopp yi dañoo gudd, loos wa am kawar. Bopp ba dafa réy, paxu bakkan yi yaatu lool. Geenam a ngi tollu ci wóomi tànki ginnaaw ya. Mbaam, jur gu bari kàttan la su dund ba doyee. Ñax lay dunde, bokk na ca : ngooñ, xobi garab, añs. Jur gu am ay jikko la, rawatina buy romb mbooloo. Mbaam dina naan lu jege ñeent-fukki liitari ndox, bés bu nekk. Mbaam, bët yu réy la am. Gémmiñ gi dafa yaatu, bëñ ya mën a tollu ci fanweer ba ñeent-fukk. Mbaam nekk na jur gu ñuy jëfandikoo ci mbey mi, càmm gi walla ci njënd mi ak njaay mi. Kàttan gi mu am, tax na ba ñu koy jëfandikoo ci dem bi ak dikk bi. Jur gu mën a yenu la ndax dafa gàtt, dëgër te bari doole, moo tax xamul dellu ginnaaw. Xeeti mbaam yi mën nañu cee lim : tungune, digg-dóomu ak ngonk.



Juri kër yi, ràññee nañu ci **fas**, mala mu yàgg ak nit. Xeeti fas yi bari nañu. Mën nañu ci jàpp : fasu jàkkeer, fasu ngélemu, ak yeneen xeeti fas. Fas, nekk na mala mu bari doole. Dundam, li ci ëpp ci gàncax lay jóge. Dafa am taxawaay, te njariñam bari. Fas, am na solo ci dem bi ak dikk bi. Soo jëlee liggeeyu tool yi, fas lañuy jëfandikoo. La ko dale ca nji ma ba ca ngóob ma ak denc ba. Bu njëkk itam, buur, fas moo doon waruwaayam . Su ñu daan tukki, fas lañu daan war. Jamonoy tey jii, fas, dañu koy yar ngir bokk ci powum rawante, ndax xaalis bu bari lay jur.

Fas, jur gu am yërmande la, waaye na fekk boroomam di ko toppatoo ni mu ware. Foo dem ci àdduna bi, muy fu sedd ak fu tàng, dinga fa fekk fas.

# Laaj yi


1 Limal ma ñetti turi juri kër ?

2 Limal ma ñaari xeeti xar yi nu waxtaane ci téere bi ?

3 Fas ak mbaam lu ñuy jariñ ci kër gi ?

4 Lan njàngat nga jële ci li téere bi wax ci juri kër yi ?

# Garab yiy faj



# Garab yiy faj



Garab am na solo cim réew ndax njariñam bari na lool. Moo nuy jox ker gu nu féexloo. Kër gu amul garab, dafay faral di tàng, wuute ak kër gu ko barile.

Bu weesoo péex mi, garab dafay meññ, am ay doom yu ñu mën a lekk. Xobi garab yi mbaa reen yi, walla sax meññent yi, mën nañu leen a jëfandikoo saa yu ñu feebaree. Garab yi ñu wër, dinañu faj mettitu yaram, mettitu biir walla wu bopp. Garab yi, dañuy noyyi ni ko nit di defe. Soxla nañu ndox ak palaas bu am tos ngir seen màgg gaaw.

Kon war nañu leen a aar, di leen toppatoo ni mu ware. Loolu daal, ngëneel la cib dëkk ak cim réew. Bari na lu ñuy metti ñuy seeti doktoor, fekk na li koy faj soriwul. Garab gu nekk ci biir kër gi mbaa ci àll bi ñu wër mën na koo saafara. Boo bëggee xam njariñu garab yi, dangay nangoo gëstu. Deel dem tamit di laaj mag ñi ci am xam-xam. Ni doktooru nasaraan ame, ni la doktooru cosaan yiy jëfandikoo garab yi ame.



Limu garab yi, bari na lool. Mën nañu cee tànn rekk.

Yenn yi, bari na ci réew mi. Boo leen jiwee, walla nga jëmbët leen, te di leen toppatoo rekk dinañu màgg. Muy lu mel ni garabu màngo, limoŋ, mbànte maare, bisaab, nebedaay ñu naan ko it saab-saab, ngun-ngun, guyaab... Waaye am na garab yoo xam ni ñoo nga fekk baax Kaasamaas walla ca duni Saalum ya. Muy lu mel ni : garabu màdd, solom, ditax, darkase...

Xeetu garab yi ñuy fekk lu ëpp ca bëj-gànnaar mooy siddeem, sump ak kàdd. Garabu daqaar ak guy, bari nañu Kajoor, Bawol, Siin ak Saalum. Dëkk bu ñu bëgg mu suqaliku, dafa war a am ay garab ndax garab dina indi taw ak naatànge. Kon war nanoo farlu saa su ne. Góor ak jigeen, mag ak ndaw, jóg taxaw temm ngir réew mi naat ak i garab.

Loolu mooy dàq bekkoor ak xiif ci am réew. Garab yi nag, genn gu nekk am na njariñ lu ci làqu, ñu xam ko mbaa ñu umpale ko. Kon bépp doomu aadama war naa xam ngëneel yi ci garab. Ni ñu baaxe ci sunu dund ak sunu wér-gu-yaram.





Garabu **màngo** bari na ci réew mi. Mën nañu koo ji walla ñu jëmbët ko ci suñu biir kër walla ca tóokoor ba.

Bu demee ba mat, dafay meññ, am ay doom. Waaye lu jiitu loolu, dina tóor-tóor. Njariñu garabu màngo bari na. Yi ci gën a siiw mooy xob yi, boo ko baxalee di ko naan, dina fanq tataanoos. Doomu màngo bu ñor bi, am na suukër ak i ferñeent yu baax lool ci nit. Kuy faral di macc màngo, feebaru seere du la sonal. Kon màngo mën naa mottali sunu dund ndax ku ne xam na ni xiif, du mbokk. Su la jàppee ba sonal la, mën na laa indil feebar.

Ginnaaw màngo, am na garab gu am solo gu ñuy tudde darkase. Garab la guy faral di rëy, bari ay car, njoolaay bi mën naa egg ba fukki meetar. Bu meññee, dina am doom yu tudd darkase ànd ak as ndoom. Doomu darkase, bari na ñam wu baax ci kuy faj xiif. Waaye li ci gën a am solo mooy saal bi, ñu naan ko ndaamaraas.



**Saalu darkase** yemul rekk ci neex boo koy lekk. Dafa am tamit ay ferñeent yu baax ci yaram. Li muy saafara ci jàngoro, jéggi na dayo. Dina faj feebaru xol, di wàcce suukar. Kon, baax na ci jàngoro ju ñu naan jabet. Yemul foofu, saalu darkase dafay faj céru yaram bu sànkar ak feebaru bët bu gis-gis bi wàññeeku. Tànk walla yaram wuy ruux, di tàng tamit, baax na ci.

Soo bëggee say gëñ dëgër te wér, deel jëfandikoo saalu darkase. Dina aar sam ciiñ, te soreel la ak feebaru mbuuraan. Day faagaagal bépp doomu jàngoro buy song ay gëñ walla ciiñ. Jeexul, am na yeneen i feebar yu muy fàggu, ni ki feebaru sëqët su tar si, walla taab.

Waaye nag, kenn waru cee ëppal. Mën nañu koo jaxase ak li ñuy faral a dunde. Bul di weesu lu tolloo ak fukki saali darkase, ñetti yoon ci bés ba bés bi dellusi.

Kuy faral di lekk ndaamaraas, dangay ànd ak cawarte ci wàllu xalaat ak ci wàllu liggeey.





**Siddeem**, garab la goo xam ne ma nga fekk baax ca Amerig walla ca Siin. Njariñam, moo tax mu eggsi Afrig ak fii ci sunu réew, Senegaal. Garabu siddeem tamit, lu jar a am la ci kër walla ci sunu gox. Siddeem, yaa ngi koy xàmme ak ay dégam ak xobam yu bari te tuuti. Garab gu yaatu la, mën na am ker gu féex. Dina meññ tamit, doom yi su ñoree, dafay xonq, saf sàpp ak suukar.

Ku fër walla nga lekk ba sa biir fees, ba tere la yëngu, boo maccee ci doom yi, dina rees. Xobi siddeem yu wow, boo ko wolee, jaxase ko ak ndox di ko sangoo, baax na ci sibbiru walla feebar. Waaye dafa war a ànd ak dara. Doomi siddeem, dina faj ñàkk a nelaw. Dinga ci fekk ay ferñeent yu ñuy tudde B ak C. Am na itam ay ngëneel yu làqu yu baax ci wér-gu-yaram. Xollitu doomi siddeem mën naa faj ndoxum siti. Biir buy daw, mbaa biir buy metti itam dina ko saafara. Ngëneeli siddeem kon bari na, war nañu koo fonk.





**Garabu guyaab** ma nga fekk baax ca Amerig. Waaye, bi mu ñëwee Afrig ba fii ci Senegaal ak leegi tollu na ci ay téemeeri téemeeri at yu takku. Fii ci sunum réew nag, dafa fee tàmbalee gent. Taxawaayam mën naa tollu ci juroom-benni meetar.

Kër yu bari yu ko amoon, boo fa demee do ko fa fekk. Moone de garab gu am njariñ la. Xobi guyaab, boo ko jëfandikoo ni mu ware, gaaw na ci xeex biir buy daw. Boo koy defar, dangay jël ndox, baxal ko ci diiru fukki simili ak juroom. Boo noppee, nga dugal xob yi ci bool, sotti ci ndox mu tàng mi, ub ko ab diir. Su loolu jàllee, nga xent ko, di ko xelli ci kaas di ci naan diiru bésu lëmm. Ndox moomu di saf xobi guyaab, boo koy galaxndikoo, baax na ci ciiñ muy metti. Xob yi mën nañu koo baxal diiru fukki simili ak juroom, di ko naan ngir téye waccu mu la sonal. Doomi guyaab ñam wi neex na te baax ci sunu wér-gu-yaram. Soo koy faral di lekk, dina aar sa yaram ci bépp jàngoro. Waaye itam, dina wàññi feebaru tasyoŋ buy yéeg. Boo ko dee lekk, feebaru aaweesee biy faagaagal nit ñu bari ci réew mi, du la bett.



Ci xeetu garab yiy faj te am njariñ **Guy** ci la bokk. Garab gënu koo rëy yaatuwaay ci réew mii di Senegaal. Guy, màndarga la tamit ci taarixu réew mi, moo tax ñu fonk ko.

Ay xobam, dañuy ruus ba jeex ci noor bi. Waaye saa yu nawet egsee ñu dellusi. Tóor-tóor yi dañuy weex tàll, seen i xob gaaw a soppeeku. Guy, bu meññee, doom bi wuy lañu koy woowe. Boo ko tojee, fekk ca aw ñam wu ñu naa buy. Ci sunu wàllu dund, xobi guy dañu koy faral di weer ay fan. Su wowee, ñu wol ko, mu doon laalo, baax lool ci cere. Guy ak buy bu weesoo li ñu nuy jox ci sunu wàllu dund, mën nanoo fajal ay jàngoro.

Garabu farmasin yu bari, dañu ciy yitteewoo buy bu ñu leen di defar. Garab yi mën a xeex jabet, buy a nga ca. Buy, soo ko jambee, yokk ci tuuti suukar, dina yokk sa yaram ndox. Diwu yaram yu bari yu ñuy tagg ngir seen baaxaay, dañuy faral di am buy.

Garab gi ñu naan **Solom**, ma nga fekk baax Diggu Afrig ak ci Afrig sowu jant. Fii ñu mujj a tudd, moo ëmb Senegaal.

Garab gu am taxawaay la. Mën naa dem ba tollu ci fanweeri meetar ca kaw. Ay xobam, dañoo nangoo sëq lool, ay tóor-tóoram weex. Xollitu doom yi mu ngi niroo ak yére wëluur. Ci biir doom bi la saal biy ànd ak ñam wi nekk. Solom bari na lool ay ferñeent, looloo tax mu mën a faj jàngoro yu bari. Dina yokk soowu jigeen ju tollu ci nàmpal, ba tax doomam gën a suur te ànd ak wér. Feebar bu ñu naan jàngoroy kajoor te sonal ñiy toog toogaay bu yàgg, solom da koy saafara. Kon, dawalkat bi, ñawkat bi ak képp kuy toog lu yàgg war ngay faral di lekk solom. Feebaru biir buy daw tamit, solom mën na koo saafara. Yemul foofu ndax solom mën na tax duñu am jafe-jafe ci noyyi. Xale boo xam ni buy nelaw, nokki gi dafay metti, bu jëfandikoo solom, dina tane bu baax. Kiy faral di sëqët, te sëqët si tar lool, nañu ko xelal muy faral di macc solom. Kon, solom daal am na maanaa. Boo gisul garab gi ci sa dëkk sax, boo demee màrse fekk fa doom yi ñuy jaay.

Geneen garab gu am solo ngir njariñam, mooy **ditax**. Taxawaayam tollu na ci fukk ak juroom ba ñeent-fukki meetar ca kaw. Fii ci réew mi, ñoo ngi koy fekk ci àll yu naat tey taw lu bari.

Doom yi, dañu koy lekk ndax dafa neex te saf suukar. Denc ko lu yàgg, mën na nekk ndax gaawul a yàqu.

Doomi ditax, boo ko jambee, def ci suukar, baax na ci sunu dund ak sunu wér-gu-yaram. Ferñeent wi ñu ci gën a ràññee mooy bi ñuy woowe witaamin C.

Ditax, dafa làq suukar ak ndox, looloo tax mu baax ci coono ak yaram wuy metti. Am na feebar yu sonal askan wi, lu ci mel ni wannaasu, soj mbaa mettitu ndigg. Ditax bokk na ci li leen mën a saafara.

Ni ñu ko waxe woon ci solom, Ditax itam bariwu fi, waaye saa yu ñoree, mu ngi ni xas ci màrse yi. Di ko faral di lekk walla di ko jamb di naan, dafay mottali li ñuy dunde. Waaye itam dina ñu fajaaleel ay jàngoro. Kon ditax jar naa boole ci sunuy deseer, bu nu lekkee ba noppi.



Am na garab gu siiw gu ñuy tudde **nebedaay**. Tur wi, ma nga bàyyeekoo ca tubaab ya. Mu ngi tekki « lu fi dul jóge mukk. » Garab la gu mën a sax fu ne ndax ragalul ñàkkum ndox. Tamit foo ko mën a jëmbët mu jebbi, màgg ndeem sax suuf sa nanguwul. Fii ci Senegaal nag, ma nga ëppe ca diiwaanu Koldaa ak Sigicoor.

Saab-saab, di weneen turam, garab gu bari ay ferñeent la. Am na ferñeent « A, B, C » ak yeneen i ngëneel yu baax ci yaram.

Ci sunu wàllu dund, daanaka léppi nebedaay mënees na koo lekk. Muy xob yi, xas mi, reen yi, tóor-tóor yi walla doom yi, lépp a am njariñ. Garab du ko gën a baax ci feebaru jabet. Dina wàññi gerees ak suukar su ëpp ci yaram.

Saab-saab jar naa jëfandikoo ndax dina ñu aar ci feebaru xol, dina ñu soreel ak tasyoŋ tamit. Xobi saab-saab ak tóor-tóor yi, dañuy raxas sunu biir yaram, dàq ci bépp tooke ak lorànge. Nebedaay dafay xeex bépp doomu jàngoro. Mën naa faj góom bu të a wér. Doomi saab-saab dafay sellal am ndox itam.

# Laaj yi

1 Gan garab moo baax ci tasyoŋ ?

2 Lu tax ñu ne siddeem dafa baax ci nit ?

3 Lan la toogaay bu bari di joxe ak lu koy saafara ?

4 Nu ñuy defare njambaan ?

5 Loo xalaat ci garab yi nu wër ?

# Mala yiy dund ci biir ndox



# Mala yiy dund ci biir ndox




Senegaal, réew mu bari mala la, waaye yi ci ëpp ci biir ndox lañuy dund, géej baa dex. Mala yooyu, ay xeet yu wuute lañu ba noppi nekk lim yu takku. Ñoom, ci biir ndox rekk lañu mën a dund ci jépp jamono. Mala mu ci génn ndox mi, ab diir daldi loru. Ci biir ndox mi, lañuy wute seen lekk, seen naan ak a nen ngir yokk seen xeet. Ci biir ndox mi lañuy làqatu waaye leeg-leeg ñuy féey ci kaw di wëndeelu. Booy tukki ci gaal, danga leen di gis ñuy tëb lu sori ak a réer ci biir ndox mi. Yenn saa yi, ñuy daw ànd ak gaal gi ba **tukkikat** yi tiit di moytu. Bu nit labee ci ndox mi, bu ñu gaawul sowe ko, dañu koy jëkkante ngir lekk ko. Am na ci mala yu ñuy lekk lu mel ni jën ; ak yu ñu dul lekk, yu mel ni **jasig**. Moo tax bés bu nekk, géej yi ak dex yi dañuy fees ak ay nappkat. Ay mbaal yu mag lañu yoor ci biir ndox mi ngir jàpp jën yi. Bu mbaal mi génnee, dafay fees dell ak xeeti jën yu ne. Bu ko defee, jëndkat yi wër leen ngir ramaas ko, yóbbu ci màrse yi. Tubaab yi ñoom, dañuy rëbb jasig yi ak yeneen xeeti mala yi ci ndox mi ngir gëstu ci xam-xam. Biir géej, am na jën yu kéemaane yu kenn ñimewul, lu mel ni gaynde-géej.




**Gaynde-géej** rëbbkat bu mag la, gaaw lool te mën a féey. Am nañu yu wuute lool ci seen dayo ak seen bind te dañuy dund ci géej yépp. Ñu bari, dañu koo ragal ndax li ëpp ci ñoom dañuy songe. Gaynde-géej yi mat nañu ñeenti téemeeri xeet waaye ñetti xeet rekk la ci nit di **wattandiku.** Deru yaramam dafa nooy, geen gi gudd te ciiriir yi mel ni ay laaf. Ciiriiru gaynde-géej dafa wuute ak yu ngaaka ak piipa. Ay ciiriiram dafay dale càmmooñ jëm ndeyjoor, waaye yu ngaaka ak piipa, dafay jóge ci kaw jëm ci suuf.

Gaïnde-géej yi ñoom ñépp dañuy nàmpal. Bari na ci yuy jur, waaye gaynde-géej soxlawul génn ci kaw ndox mi ngir noyyi ndax **caaxoñ** yi moo tax. Gaynde-géej, dafa **raglu** ba tax ñu ragal ko. Ba noppi, dañuy songe waaye jën a ëpp ci la ñuy dunde. Ñeent yi ci gën a soxor, seen guddaay mat na ñett ba juroom-benn ci ay meetar. Tey, ñépp a ngi ragal gaynde-géej yi di gën di néew ci géej yi ndax nappkat yi. Nappkat yu bari dañu leen di **mbaalaale**, fekk soxlawuñu leen.



**Jasig**, mooy watatukat bi gën a mag ci mala yiy watatu te gën cee gudd fan. Li ëpp ci ñoom dañuy booloo di dund ci dex yi walla lag yi ci diiwaanu Afrig. Jasig, dafay am guddaay bu mat juroomi meetar tey peese junniy kilo. Mën naa dund ñaar-fukki at ak juroom, jëm tée-meeri at. Jasig ji dëkk ca dex gu magu Niil ca réewu Esipt, mën na lekk nit. Bu génnee ci ndox mi, ci jant bi lay nelawe ngir tàngalu ndax deretam dafa sedd. Jasig, mbaru bët yi dañoo yaraax, moo tax muy gis bu baax ci biir ndox mi. Mala mu gaaw la te buy féey dafay dóor bu baax geen gi ci ndox mi. Buy dox ci suuf, dafay raam ci biir bi tànk yiy tëb ànd ak moom. Bët yi ak paxi bakkan yaa ngi ci kaw bopp bi ndax buy féey, gémmiñ gi ubbeeku ci ndox mi. Am na juroom-benn-fukki bëñ yu ñaw yuy faral di wekkeeku di rot. Waaye saa su ñu wek-keekoo ba rot, yeneen yu bees wuutuwaat leen. Yaramu jasig, ay waasintóor ñoo ko wër ba daj, tànk yi am ay we yu gudd. Jasig ju jigeen ji dafay gas ay pax ci wetu géej gi nen fa fanweer ba juroom-fukki nen. Yaay ji moo fay des di leen sàmm ba juroom-ñett baa juroom-ñeenti ayu-bés doom yi génn. Seen yaay moo leen di ŋank yóbbu leen ca dex ga. Jasig yu ndaw yi ay gunoor lañuy dunde.



**Jënu koŋ** mu ngi bokk ci xeeti jën yiy dund ci ndox yi nga xam ne daanaka amul xorom. Jën la woo xam ne amul waasintoor te yaram wi dafa wert, wert bu rax ñuul-ñuul. Deru yaram wi dafa ratax lool ndax ay rataxit ñoo wër yaram wépp. Jën wu taaru la ci bind ak melo ba tax mu wuute ak jën yu bari. Biir bi dafa xaw a leer, am melo wu mboq walla weex, waaye bopp ba dafa yaatu te tàppandaar. Jënu koŋ gémmiñ gu rëy la yor, bëñ yi tuuti te bari lool def ñaari raŋ.
Jënu koŋ am na ñeenti ciiriir : ñaar ci ginnaaw bopp bi ak benn ci geen gi. Ñeenteelu ciiriir bi dafa gudd te am cat lu ñaw féete ci wet gi.
Guddaayam mat na meetar ak genn wàll te yi ci ëpp ñaari meetar yépp, dañuy gën di niiroo. Diisaayam moom jën woowu toll na ci fukk ba téemeeri ak juroom-fukk ci ay kilo. Jënu koŋ yi gën a rëy dinañu yaatu ba romb ñaar ak genn wàll jëm ñetti meetar. Ci méngale, bu nu demee ca réewu tubaab ya, dayob jënu koŋ ya weesuwul foofu. Jënu koŋ, lépp lay lekk waaye dafay faral di nangoo wéet ci dëkkuwaayam. Jën wu ragal leer la te béreb ya gën a xóot ca ndox ma lay dëkk. Noonu mu soree ci ndox mi moo tax nappkat yu mag yee mag ñoo koy faral di jàpp. Bu jigeen bi mën naa nen ba juroomi téemeer ci ay nen.





**Yaranka**, mala la wuy dund ci biir géej. Yaram wa dafa nooy te mu am ay car. Mat nañu ñetti téemeeri xeet yoo xam ne bokkuñu tur, waaye ñoom ñépp yaranka lañu leen di woowe. Seen bariwaay moo tax amuñu seen turu bopp wu ñu leen di rààññatlee. Foo leen fekk, duñu dëkk ñoom doŋŋ, mbooloo lañuy nekk. Rab wu neex la te seer ba lu ci nappkat napp rekk, xeeb ko. Bopp bi am na ñaari ciiriir yu muy féeye ak fukki car. Juroom-ñetti cér yu gàtt yi mooy loxo yi, ñaar yi gën a gudd lay doxe. Bëti Yaranka xaw naa yaatoo ni genn wàllu meetar, maanaam tollu na ni balu basket.

Yaranka rab la wuy rëbb ndax yàpp lay dunde. Moo tax jën yi ak yenn xeeti mala yi di ko daw. Car yi ci bopp bi ci lay jàppe yi muy rëbb ngir mën a dund.

Bopp bi am na bët yu yaatu te ñaw yu tax muy séen lu sori lool. Rab la wu sàll wi lemu jëm suuf ba noppi dëgër lool. Deram wi, lu mel ni diw moo ko wër moo tax mu mën di soppi melokaan.



**Biddiwu géej** mala la muy dund ci ron xeer yi, déeg yi ak géej yi. Dayoom mat na ñaar-fukki sàntimeetar ci guddaay waaye ëpp nañu junniy xeet. Xeet yooyu, boo leen xaajee, ëpp nañu fanweeri njaboot. Biddiwu géej, mala mu yéeme la ndax aw meloom ak bindam mën naa wuute lool.

Li gën a bari ci ñoom, juroomi loxo yu gàtt te ratax lañuy am. Am na ci xeet wu doy waar wuy am fukki tànk ak juroom-ñett. Kaw loxo yépp ay dég ñoo ko wër te saa yu ñàkkee ab loxo, beneen daldi judduwaat. Bindam biy niroo ak biddiw moo tax ñu koy wooye biddiwu géej. Aw yaramam amul yax waaye mala mu bëgg lekk la. Bu génnee ndox, balaa yàgg mu loru ndax dootul noyyi.

Biddiwu géej, tuufa, paañ, ak yeneen mala yu ndaw yi ni mel ñoo ëpp ci li muy dunde. Moo tax, mala yooyu bu ñu ko gisee dañuy daw. Yaramam dafa am ay tànk yu ndaw yu bari yu muy doxe. Dina def waxtu ak genn wàll ci lekkam, te dina toog bésu lëmm, lekk gi soog a rees. Bu ñu eggee ci jur, bu jigeen bi dafay nen, bu nen yi tojee, yu ndaw yi génn.



**Piipa**, mala mu rëy la muy faral di dund ci géej walla dex diirub fanweer ba ñeent-fukki at. Guddaayam dina mat ñett ba ñeenti meetar. Diisaayam di toll ci ñaari téemeer ba juroom-benni téemeer ak juroom-fukk ciy kilo. Boo raayee yaramam, moo gën a ratax mala muy dund ci suuf. Yaramu Piipa dafa liis ba tax muy féey bu baax ci ndox mi. Bu jigeen bi, nopp yi ak ween yi dañoo nekk ci lem-lemi der bi. Amul baat, ndax bopp bi dafa taqaloo ak yaram wi ba dara doxul seen diggante. Mala la moo xam ne kenn du ko lekk ndax dafa niroo ak nit.
Bu ko nappkat yi jàppee, dañu koy yóbbu ci pàrk yi ñu ko waajalal dëkkuwaay ba du loru. Piipa, mala la muy faral di wéet waaye nit mooy wéttalam. Moo tax, dafay xettali sax nit kuy lab ndax amul benn wextan. Mala yu ndaw, gaynde-géej yu ndaw ak sardiñ lay dunde. Ay doomam duñu tàggoo ak moom te amuñu juroomi at fekk ñu mën a féey ak dàqe. Ni mu bëgge nit, tax na ñu koy wooye àmbasaadëer. Loolu nag terewul piipa yi ñoo ngi gën di jafee gis ndax nappkat yi.



**Fog yi**, ay mala lañu yu nekk ca géej yu sori yaa sori, te am galaas. Seen guddaay dina mat meetar ak genn wàll ba ñaari meetar. Boo leen peesee, seen diisaay dafay mat juroom-ñaar-fukki kilo ba juroom-ñeent-fukki kilo. Yi ci gën a rëy, seen diisaay mat na téemeer ak juroom-fukki kilo. Seen kawaru yaram yi dañoo dóom-taal waaye yu ndaw yi seen kawar dafa weex. Bopp yu rëy lañu am, gémmiñ gu yaatu ànd ak ay mustaas ci tuñ yi, bët yi ñuul kukk. Ñoom dañuy bëgg di doxantu ci tefes gi. Mën nañoo def fukki simili ak juroom ci biir ndox mi te duñu génn. Mala yu gaaw ci féey lañu te mën a tëb waaye dañoo yeex ci suuf.
Tubaab yi leen di rëbb, dañu leen di xaar ci pax yi ñuy gas ngir di ci noyyee. Bu jëkkoon, ci fog yi lañu doon jële dund ak diw gu ñuy taal ngir jaaru. Seen der yi lañu doon defare ay yéere ak ay jumtuwaay. Yenn nappkat yi, fog yu ndaw yi lañu daan rëbb ngir seen kawar gu rafet gi te weex. Loolu moo tax ñoom ci njàqare lañuy nekk jamono ju ne. Ñgir aar leen, nguur yi dañuy tere ku leen lor. Gaynde-géej yi ak mbëfër di « urs » yi ñoom itam, dañuy rëbb fog yu ndaw yi.



**Ngaaka**, mala la muy dund ci biir ndox te bokk na ci mala yiy nàmpal. Mala la moo xam ne dereetam dafa tàng ba tax fàww muy noyyi ngelaw ngir dund. Ci biir der bi, gerees gu bari lay def laltaay. Laltaay boobu, am na dijjaay bu mat fukk ak ñaar ba fukk ak juroom-ñett ciy sàntimeetar. Gerees googu dajaloo, mooy musal mala mi ci sedd biy jóge ci béreb yu xóot yi.

Ngaaka, dafa am yaxu ndigg, waaye ay xeet yu wuute lañu ci seen dayo ak seen bind. Bi ñuy woowee ngaaka bu bulo, guddaay bi tollu na ci ñaar-fukk ak juroom ci ay meetar. Moo gën a rëy ci kaw suuf, ndax diisaayam dafay ëpp ay téemeeri téemeeri kilo. Ngaaka yi am ay mustaas, bokkul ak yi am ay bëñ. Ngaaka yi, dañuy dabu tàngooru ndox mi ak dund bu doy ba tax ñuy baagante géej yi. Bu jigeen bi, dina am juroom-ñaari at door a tàmbalee jur. Mën na jur benn doom, at mu ne, diiru dundam. Bu juddu rekk, daldi mën a féey, dox, gis, dégg ci saa sa. Mala mu nappkat yi di faral di rëbb la ndax ndawalam ak gereesam gi ñuy defare xeeti diw ak lojkoloñ. Ngir ragal seenug far, àddina sépp a déggoo ci wàññi di leen rëbb.



**Leraw** mala la muy dund ci dex yi fare Afrig ak ca ndox yu tàng ya féete Amerig. Guddaayam romb na juroom-benni meetar, waaye geen gi dafa gàtt. Diisaayam tollu na ci ñaari téemeer ba juroom-benni téemeeri kilo. Yaramam dafa bindoo ni bidoŋ te der bi ratax, mel ni lu dóomu taal. Mala mu ragal sedd la ba tax mu taamu ndox mu tàng. Ñax mi sax ci biir ndox yi lay dunde waaye du duññi. Li muy dunde ñax, moo tax ñu koy wooye nagu dex.
Mala mu ñeme wéetaay la ndax àndandoo bu dëggu lay taamu.
Leraw, dafay nàmpal waaye balaa jur am juroom-ñaari at. Ñaar ba ñetti at yu nekk mu jur, waaye fukki weer ak ñaar lay ëmb. Dina dund leeg-leeg juroom-fukki at ci ndox mi. Am na dëkk bu mag bu nekk ca réewi tubaab ya, leraw ya bari nañu fa lool. Ñu ngi koy tudde lamantee ci nasaraan.
Leraw yi nag, bareetul ndax nit ñi tabax nañu fi ñuy wute ñax. Yenn yi, mbaali nappkat yi ak xandali bato yi di leen gaañ. Moo tax, leraw yi amatuñu jàmm ba tax ay kurel yu ëmb àdduna sépp ñoo leen di wattu.

# Laaj yi

1 Lan moo tax jënu koŋ ratax ?

2 Ndax mën ngaa leeral ni jasig di def ba ay doomam juddu ?

3 Lan moo wone ne piipa dafa xaritoo ak nit ?

4 Lan moo wuutale ngaaka ak nagu dex ci seen njurin ?

5 Lan moo tax rëbbkat yi di lor fog yu ndaw yi ?